**Нохчийн меттан талламан болх.**

**2 класс**

**Талламан белхан тӀедахкарш кхочушдаран инструкци**

Нохчийн меттан талламан болх кхочушбан 45 минот ло.
Балхо 7 тӀедиллар чулоцу.

ТӀедахкарийн жоьпаш йазде балха тӀехь царна лерина далийнчу могӀанашкахь. Нагахь хьайна жоп хийца лаахь, цунна тӀе сиз а хьакхий, йуххехь керла жоп дӀайазде.

Болх кхочушбеш, ца магадо пайдаэца Ӏаматах, белхан тетрадех, грамматикин справочникех, нийсайаздаран дошамех, кхечу справочни коьчалх.

Оьшучохь черновиках пайдаэца мегар ду. Черновик тӀехь дина йозанаш толлуш а, мах хадош а дац.

ТӀедахкарш шаьш далийнчу рогӀехь кхочушдар бакъахьа хир ду. Хан ларйархьама, кхочуш ца далуш долу тӀедиллар дита а дитий, рогӀера тӀедиллар кхочушде. Хьайн ма-хуьллу алссам тӀедахкарш кхочушдан хьажа.

**Дала аьтто бойла!**

**Леррина йеша а йеший, схьайазйе текст.**

1

Мангал-комарш коьллийн тайпана йу. Церан гаьннаш лаьттахула дийшина хуьлу. Мангал хьокхучу хенахь хуьлу царна тӀера комарш. Цундела царах мангал-комарш олу.

2

**Алфавитаца** дІа а нисдай, алфавитан рогІаллехь дІайазде хІара дешнаш:

лами, горгали, урам, абат, тІоьрмиг.

Жоп

3

Буха сиз хьакха **мукъазчу** озаца долалучу дешнашна.

4

**Салаз, экха, куй, аре, аьхке.**

Буха сиз хьакха **мукъачу** озаца долалучу дешнашна.

**Цхьогал, оьпа, говр, лу, уьстагІ.**

5

Дешдакъошка декъа дешнаш. Дешнаш дешдакъошка доькъуш пайдаэца пурх сизах (/).

**Заза, абат, Элиза, гІайба.**

6

Сехьадаха мегаш долу дешнаш схьайазде. Сехьадаккхар сизалгаца гайта (масала, ла-ми).

**Заза, абат, Элиза, гІайба.**

Жоп

7

7

ХІокху дешнех предложени хІоттайе. Нийса дІайзйе и.

**хуьлу, бІаьста, ломахь, хаза.**

Жоп

**Нохчийн меттан талламан белхан мах хадоран къепе (система)**

!

Жоьпийн мах хадорехь йуьхьанцарчу ишколехь **ца Іамийнчу бакъонашна долу** орфографически а, пунктуационни а **гІалаташ лоруш дац.**

**Леррина йеша а йеший, схьайазйе текст.**

Мангал-комарш коьллийн тайпана йу. Церан гаьннаш лаьттахула дийшина хуьлу. Мангал хьокхучу хенахь хуьлу царна тIера комарш. Цундела царах мангал-комарш олу.

| № | **Нийсачу жоьпан чулацам а, мах хадор а** | **Баллаш** |
|---|---|---|
| | Мангал-комарш коьллийн тайпана йу. Церан гаьннаш лаьттахула дийшина хуьлу. Мангал хьокхучу хенахь хуьлу царна тIера комарш. Цундела царах мангал-комарш олу. | |
| **К1** | **Орфографически норманаш ларйар** | |
| | Орфографически гIалаташ дац | 3 |
| | Цхьаъ-шиъ гIалат далийтина | 2 |
| | Кхо гIалат далийтина | 1 |
| | Диъ йа цул сов гIалат далийтина | 0 |
| **К2** | **Пунктуационни норманаш ларйар** | |
| | Пунктуационии гIалаташ дац | 3 |
| | Цхьа гIалат далийтина | 2 |
| | Ши гIалат далийтина | 1 |
| | Шиннал сов гIалат далийтина | 0 |
| **К3** | **Текстан схьайаздар нийса хилар** | |
| | Текстан схьайазйарехь  гIалаташ дац (йукъахдитина а, совнаха а дешнаш дац, нисдарш, графикин куц хийцина дешнаш дац).<br>**Йа** Шиннал сов  йазйаран гIалат йа кху кепара гIалаташ даьхна:<br>1) дешан графикин куц хийцина (элп йукъахдитина, хийцина йа  цуьнан (элпан) меттиг хийцина);<br>2) схьайазйинчу текстехь йукъахдитина текстера цхьа дош йа цхьа дош совнаха йаздина | 2 |
| | Кхоъ йазйаран йа кху кепара гIалат далийтина:<br>1)дешан графикин куц хийцина (элп йукъахдитина, хийцина йа цуьнан (элпан) меттиг хийцина);<br>2) схьайазйинчу текстехь йукъахдитина текстера цхьа дош йа цхьа дош совнаха йаздина<br>**Йа**<br>Цхьаъ – кхоъ нисдар дина | 1 |
| | Кхааннал сов йазйаран йа кху кепара гIалаташ далийтина: | 0 |

| | | |
|---|---|---|
| | 1)дешан графикин куц хийцина (элп йукъахдитина, хийцина йа цуьнан (элпан) меттиг хийцина);<br>2) схьайазйинчу текстехь йукъахдитина текстера цхьа дош йа цхьа дош совнаха йаздина<br>**Йа**<br>Диъ йа цул сов нисдар дина | |
| | *Лаккхара балл* | 8 |

2□⑤③□

**Алфавитаца** дӀа а нисдай, алфавитан рогӀаллехь дӀайазде хӀара дешнаш:

лами, горгали, урам, абат, тӀоьрмиг.

| **Нийсачу жоьпан чулацам а, мах хадор а** | **Баллаш** |
|---|---|
| Нийса жоп: абат, горгали, лами, тӀоьрмиг, урам | |
| Массо а дош алфавитан рогӀаллехь нийса дӀайаздина | 2 |
| Алфавитан рогӀаллехь дешнаш дӀайаздеш цхьа гӀалат далийтина | 1 |
| Алфавитан рогӀаллехь дешнаш дӀайаздеш шиъ йа цул сов гӀалат далийтина | 0 |
| *Лаккхара балл* | 2 |

3③□

Буха сиз хьакха **мукъазчу** озаца долалучу дешнашна.

**Салаз, экха, куй, аре, аьхке.**

| **Нийсачу жоьпан чулацам а, мах хадор а** | **Баллаш** |
|---|---|
| Нийса жоп: салаз, куй | |
| Массо дешнашна нийса сиз хьаькхна | 2 |
| Цхьана дашна бен нийса сиз ца хьаькхна | 1 |
| Цхьана а дашна нийса сиз ца хьаькхна<br>**Йа**<br>Нийса сиз хьаькхначу дашца (дешнашца) цхьаьна нийса доцчу дешнашна буха а сиз хьаькхна | 0 |
| *Лаккхара балл* | 2 |

4③□

Буха сиз хьакха **мукъачу** озаца долалучу дешнашна.

**Цхьогал, оьпа, говр, лу, уьстагI.**

| Нийсачу жоьпан чулацам а, мах хадор а | Баллаш |
|---|---|
| Нийса жоп: оьпа, уьстагI | |
| Массо дешнашна нийса сиз хьаькхна | 2 |
| Цхьана дашна бен нийса сиз ца хьаькхна | 1 |
| Цхьана а дашна нийса сиз ца хьаькхна<br>**Йа**<br>Нийса сиз хьаькхначу дашца (дешнашца) цхьаьна нийса доцчу дешнашна буха а сиз хьаькхна | 0 |
| *Лаккхара балл* | 2 |

5③□

Дешдакъошка декъа дешнаш. Дешнаш дешдакъошка доькъуш пайдаэца пурх сизах (/).

**Заза, абат, Элиза, гIайба.**

| Нийсачу жоьпан чулацам а, мах хадор а | Баллаш |
|---|---|
| Нийса жоп: За/за, а/бат, Э/ли/за, гIай/ба | |
| Массо дош дешдакъошка нийса декъна | 3 |
| Дешнаш дешдакъошка доькъуш цхьа гIалат далийтина | 2 |
| Дешнаш дешдакъошка доькъуш ши гIалат далийтина | 1 |
| Дешнаш дешдакъошка доькъуш кхоъ йа цул сов гIалат далийтина | 0 |
| *Лаккхара балл* | 3 |

6③□

Сехьадаха мегаш долу дешнаш схьайазде. Сехьадаккхар сизалгаца гайта (масала, ла-ми).

**Заза, абат, Элиза, гIайба.**

| Нийсачу жоьпан чулацам а, мах хадор а | Баллаш |
|---|---|
| Нийса жоп: За-за, Эли-за, гIай-ба | |
| Дешнаш сехьадаха мегачу кепара декъарехь гIалаташ дац | 3 |
| Дешнаш сехьадаха мегачу кепара декъарехь цхьа гIалат далийтина | 2 |
| Дешнаш сехьадаха мегачу кепара декъарехь ши гIалат далийтина | 1 |
| Дешнаш сехьадаха мегачу кепара декъарехь кхоъ йа цул сов гIалат далийтина | 0 |

| | |
|---|---|
| *Лаккхара балл* | 3 |

7③□

ХIокху дешнех предложени хIоттайе. Нийса дIайазйе и.

**хуьлу, бIаьста, ломахь, хаза.**

| **Нийсачу жоьпан чулацам а, мах хадор а** | **Баллаш** |
|---|---|
| Нийса жоп: Хаза хуьлу бIаьста ломахь.<br>**Йа**<br>БIаьста ломахь хаза хуьлу.<br>**Йа**<br>Ломахь бIаьста хаза хуьлу.<br>**Йа**<br>БIаьста хаза хуьлу ломахь.<br>**Йа**<br>Хаза хуьлу ломахь бIаьста.<br>**Йа**<br>Ломахь хаза хуьлу бIаьста. | |
| Предложени нийса хIоттийна, нийса дIа а йазйина (предложенин йуьххьехь доккха элп, чаккхенехь тIадам). | 1 |
| Предложени нийса ца хIоттийна, амма нийса дIайазйина (предложенин йуьххьехь доккха элп, чаккхенехь тIадам).<br>**Йа**<br>Предложени нийса хIоттийна, амма нийса дIа ца йазйина (предложенин йуьххьехь доккха элп, чаккхенехь тIадам).<br>**Йа**<br>Предложени нийса а ца хIоттийна, нийса дIа а ца йазйина (предложенин йуьххьехь доккха элп, чаккхенехь тIадам). | 0 |
| *Лаккхара балл* | 1 |

***Йуьхьанцара баллаш 5-баллан тIегIане йахар***

| **5-баллан тIегIанца отметка** | **«2»** | **«3»** | **«4»** | **«5»** |
|---|---|---|---|---|
| Йуьхьанцара баллаш | 0-6 | 7-12 | 13-17 | 18-21 |